



CAROLINECOUNTY
you belong here
CAROLINE COUNTY COMMISSIONERS OFFICE

LARRY C. PORTER, PRESIDENT
DANIEL J. FRANKLIN, VICE PRESIDENT
WILBUR LEVENGOOD, JR., COMMISSIONER
109 Market Street, Room 123
Denton, Maryland 21629

POU DIFIZE IMEDYATMAN - 17 Mas 2020

Komisyonè Caroline County an deklare yon ijans lokal pou eta a konsènan pandemi COVID-19. Fèmti Gouvènman pou piblik la. Sa ap pran efè 19 Mas.

Kòm repons sou ijans sante piblik COVID-19 nan, Komisyonè Konte Caroline te deklare yon eta ijans lokal la 17 Mas 2020. Tout bilding gouvènman ak depatman yo ap fèmen pou piblik la Kòmanse 19 Mas.

Prezidan Komisyon Konte Larry Porter di "Komisyonè yo te santi ke li te enpòtan pou deklare yon eta dijans lokal kounyeya pou nou ka anpati avek residan yo pou moutre Kòman sityasyon sa a grav. Nou vle ranfòse Dekrè Egzekitif Gouvènè a te fè yè pou fèmen restoran, ba, jimnaz, ak fim teyat ak entèdi rasanbleman ki gen plis pase 50 moun." Porter te deklare tou ke konsèy ki te sòti 16 Mas nan Mezon Blan an lan te enfluyansè Komisyonè yo pou deklare yon eta dijans lokal. Prezidan an te ankouraje tout Ameriken pou yo rete lakay yo lèl posib, evite vwayaj nesèsè, epi evite sosyal rasanbleman ki plis pase dis moun.

Ofisye Enfòmasyon Piblik Sara Visintainer te di "Kominote nou an te mande kisa yo ka fè pou ede. Repons lan se pran responsablite endividyèl, pèsonel pou limite pwopagasyon maladi sa a. " Pou sa fini, Komisyonè County an ap mande tout rezidan yo, kèlkeswa laj yo pou yo fè bagay sa yo:

- Rete lakay sòf si ou nan travay, si ou ap achte pwovizyon esansyèl, oswa si ou prale nan doktè.
- Evite reyinyon sosyal, espesyalman nenpòt ki entèraksyon ak gwoup ki gen plis pase 10 moun.
- Rete lakay ou si ou menm oswa yon manm nan fanmi an malad.
- Limite tout vwayaj ki pa esansyèl, tankou vwayaj domestik.
- Kontinye pratike ijyèn dilijan tankou lave men ou souvan, evite manyen figi ou, ak dezenfekte sifas yo regilyèman.

Direktè Depatman Sèvis Ijans Anna Sierra te di "Li enpòtan pou konnen ke ou ka gen COVID-19 menm si ou pa gen okenn sentòm oswa Sentòm nan trè modere. Se poutèt sa distans sosyal vrèman enpòtan. Aktyèlman sa se sèl fason nou ka sispann gaye kowonaviris la." Si ou santi ou malad oswa ou enkyete ou gen COVID-19, nou ankouraje w pran etap sa yo:

- Rele doktè swen primè w la. Sa a se meye fason pou adrese kesyon sou sentòm ou yo epi resevwa yon tès, si yo mande l. .

- Rete lakay ou epi evite kontak avèk lòt moun.

- Siveye sentòm ou yo epi pa ale nan ijans lan si sentòm ou yo pa grav. Si sentòm yo vin grav oswa ou santi ou gen difikilte pou respire, rele 911 oswa ale nan lopital la. Rele 2-1-1 ak kesyon jeneral sou COVID-19.

"Nou tout nan sa a ansanm," Visintainer senpatize. "Pandan ke aksyon nou ap mande piblik la pran an ka deranje e ka kòz difikilte, yo se pi bon defans pou nou. Nou ap mande moun yo fè pati yo ede prezève kapasite nan sistèm swen sante nou yo ak pwoteje sante fanmi ou, zanmi ou, ak tout kominote nou an."